




VAKSEN POU COVID-19 TE DEVLOPE BYEN VIT MEN AN SEKIRITE

- Plis moun te enskri nan esè klinik yo, sa ki te akselere pwosesis la.
- Fabrikasyon anmas te akselere paske vaksen an t ap pase nan apwobasyon.
- Plizyè ane rechèch yo te poze baz pou syans avanse ki te itilize pou devlope vaksen pou COVID-19 la.



PRAN VAKSEN Y AP OFRI W LA, SAN KONSIDERE FABRIKAN AN

- Tout vaksen yo efikas yon fason egal nan prevni ospitalizasyon ak lanmò ki lakoz pa COVID-19 la.
- Selon fabrikan vaksen an, ou pral bezwen swa yon dòz oswa de dòz pou asire tout iminite a.
- Ou dwe pran vaksen an menm si ou te trape COVID-19.



YO PA TE RATE ANYEN NAN DEVLOPMAN VAKSEN AN

- Yo te fè plis pase 4,000 esè klinik nan tout monn lan.
- FDA a te estrikteman kontwole devlopman ak tès vaksen an.



VAKSEN POU COVID-19 LA PA ENFEKTE W AK VIRIS LA

- Vaksen an bay kò w lòd pou devlope antikò pou konbat viris la.



GWO BOUT TÈS TE MONTRE KE VAKSEN AN ANT 85%* AK 99%* EFIKAS NAN PREVNI GWO MALADI

85%
EFIKAS

ANPLASMAN VAKSINASYON COVID-19 YO



Gran sit vaksinasyon ak ti sit vaksinasyon



Famasi nan katye yo



Founisè swen sante



Travay

Responsab federal yo asire ke enfòmasyon pèsònèl ki rasanble pandan y ap vaksinen moun pou viris COVID-19 la p ap itilize nan okenn fason pou aplikasyon lwa sou imigrasyon. Anplis, kèk sit vaksinasyon p ap egzije ID foto. Vaksen an disponib pou tout moun Ozetazini san konsidere sityasyon sitwayènte yo. Vaksen an disponib san okenn frè pou moun nan, menm pou moun ki pa genyen asirans medikal.

*Vaksen Johnson & Johnson *Vaksen Pfizer ak Moderna

Dènye mizajou: 03/15/2021

KONNEN KILÈ, KIKOTE, AK FASON POU PRAN VAKSEN GRATIS COVID-19 OU



VIZITE
de.gov/covidvaccine



RELE
1-833-643-1715



IMÈL
vaccine@delaware.gov